# PLC Yedu
# Mutemo Wemagariro

**Sezvikoro zvakawakirwa panzvimbo imwe zvakabatana, takaumba mutemo wemagariro uyo une donzvo rekugutsa zvinodikanwa zvevagari vedu vese vepaPencoedtre.**

Mutemo uyu wakaumbwa nenhengo dzakashandira pamwe kubva kuchikoro chimwe nechimwe chepuraimari dzinotevera.

- Vakuru Vevadzidzisi
- Vatevedzeri Vevakuru Vechikoro
- Vashandi
- Anasachigaro vemagavhuna
- Mukuru wevakakurukura nedzimhuri uye nevagari vemunzvimbo
- Vabereki
- Vana

Iva Nerukudzo | Batanidzwa Nevamwe | Iva Neshungu

Holton Primary School

## Vagari VemuPencoedtre Learning Community (PLC)
## Mutemo Wekugarisana-uri papeji repurofairi rimwe chete

| | |
|---|---|
| Donzvo Redu | Pamwe chete tichaita kuti pave nevagarisani vakabatana, vakachengeteka uye vanokwanisa kuita zvinhu avo vanenge vaine hushamwari pakati pavo. Tichashanda nesimba kuti tive nechokwadi chekuti mwana wega-wega uye mhuri yega-yega munharaunda yedu ichakura yova neshungu yekuzadzisa zvainoshuvira nezvido zvayo. |
| Chinangwa Chedu | Kuumba mutemo wemagariro uyo unogutsa zvinodikanwa zvevana vedu nenharaunda yavo. Chinangwa chedu ndechekupa rutsigiro rwenguva dzose uye rwakakodzera kuti pave nekugarisana kwakanaka. |

**Nekuda kwei:** Basa remutemo uyu nderekutsanangudza chinangwa uye kuti tingazviita sei kuti tiumbe, tichengetedze uye dzimwe nguva tigadzirise hukama hunenge hwaparara. Nekuuya pachimwe chezvikoro zvepuraimari zvePLC, tinokukumbira kuti uise pekutanga nhau yekugarisana zvakanaka nevamwe.

Nekusimudzira kuti pave**neHukama Hwakanaka Nevamwe** kwete Kumaneja Hunhu Hwevanhu, tiri **kuchinja,** kwete kumaneja hunhu hwevanhu. Naizvozvo hatina mutemo wehunhu hunofanira kutevedzwera uyo unoti kana ukaputswa munhu anorangwa, kupiwa ganhuriro kana kuti kuiswa kwake ega, asi tine mutemo unoita kuti munhu abvunze, agadzirise uye kuti awadzane nevamwe zvakanaka.

**Tine mutemo mumwe chete uyo wakavakirwa pakutsigira kuti pave nehukama hwakanaka sezvinobvira pakati pe:**

- Vakuru kuvakuru
- Vana kuvana
- Mukuru kumwana

**Sei:** Pachikoro chedu chimwe nechimwe tichazvipira kuti tiumbe hukama hwakanaka uye kunzwisisa kuti kuziva nzira yakanaka yekubata nevamwe hutori hunyanzvi hweupenyu hwese uho hunoita kuti tikwanise kuva zvinhu 4 zvinokosha.

- Tinobvumirana nepfungwa yekuti kuchengetedzwa kwevana ndicho chinhu chakakosha zvikuru kupfuura zvose.
- Ticharatidza hunhu hwekukudza vamwe uye kubata vamwe nekunzwisisa uye nemutsa.
- Tichava nechokwadi chekuti vana vese nevanhu vakuru vane mafungiro ekuva varidzi vemumwe nemumwe, vachinzwa vakachengeteka,<br>vakadzivirirwa uye vachikosheswa.
- Tichachengeta nharaunda yedu yakachengeteka, iine vanhu vanofara uye vakagadzikana, iri nharaunda inobvumira kuti munhu mumwe nemumwe aite zvaanokwanisa zvizere aine maonero ekuti hakuna mumwe akaita seni.
- Tichaziva kodzero dzedu uye toremekedza kodzero dzevamwe.
- Tichatsigira kuumbwa kwehunhu tichishandisa mazano ekuona nekudzora manzwiro edu nezviito zvedu.
- Ticharatidza nzira yakajeka, isina kwayakarerekera uye inoshanda zvakafanana pakubata nenhau yehunhu hwevanhu.
- Tichadzidzisa, kuroverera, kusimudzira uye kukoshesa hukama hwakanaka nevamwe.
- Tichawana kurudziro 'yekuita chinhu chakanaka nekuda kwekuti ndicho chinhu chakanaka chekuita'
- Tichava vakatendeseka uye tichitarisira mafungiro ekutendeseka kuti pave nekuvimbana.

- Hatizovi nemafungiro ekujaja vamwe, kana kuvapa mazita uye tichabvumirwa kuti tiite zvikanganiso todzidza kubva kwazviri.
- Tichadzidzisa pfungwa yekuti takaenzana kuti pave nemaonero ekuti hakuna ari nani kupfuura mumwe.

**<u>Chii:</u>** Tichadzidza pamwe nekukura sezvikoro zvinodzoreredza tichishanda pamwe seboka rePLC.

**<u>Nzira Dzekudzoreredza Nadzo</u>**

**<u>Ruremekedzo</u>** Kuteerera mafungiro evamwe uye kudzidza kuakoshesa.

**<u>Mutoro:</u>** Kutora mutoro wezviito zvedu.

**<u>Kugadzirisa:</u>** Kutsvaga nzira dzekugadzirisa nadzo zvakanganisika kuitira kuti hunhu hwakadaro husadzokororwa.

**<u>Kubatanidzazve</u>** Kushandisa nzira yakasimba uye yekubatsira pakugadzirisa zvinetso uye inobvumira kuti pave nehukama hwakanaka pakati pevanhu.

*Nekudzidza kuti sei tichiita zvinhu nenzira yatinoita nayo tinodzidza kuti tingachinja sei hunhu hwedu kuti huve setsika.*




| F | E | Y | A |
|---|---|---|---|
| Feya Kusangana nevana vedu, vashandi, uye mhuri chero kwavanenge vari. | Shungu Chido chakasimba chekuva nebudiriro | Kubatanidzwa Unozwa uchigamuchirwa, uchikosheswa uye uchidiwa! | Ruremekedzo Kuvimbana, kukurukura zvakanaka nevamwe, kunzwisisana uye kutendeseka. |

# Mutemo Wemagariro – Chibvumirano Chevari Kumba oro

Donzvo Redu

Pamwe chete tichaita kuti pave nevagarisani vakabatana, vakachengeteka uye vanokwanisa kuita zvinhu avo vanenge vaine hushamwari pakati pavo. Tichashanda nesimba kuti tive nechokwadi chekuti mwana wega-wega uye mhuri

Chinangwa cheMutemo

Kutsanangudza maitiro ekuti tinoitirei uye kuti tinozviita sei kuti tiumbe, tichengetedze uye dzimwe nguva tigadzirise hukama hunenge hwaparara. Nekuuya pachimwe chezvikoro zvepuraimari zvePencoedtre Learning Community,

Nekusimudzira kuti pave**neHukama Hwakanaka Nevamwe** kwete Kumaneja Hunhu Hwevanhu, Tiri **kuchinja,** kwete kumaneja hunhu hwevanhu. Naizvozvo hatina mutemo wehunhu hunofanira kutevedzwera uyo unoti kana ukaputswa munhu anorangwa, kupiwa ganhuriro kana kuti kuiswa kwake ega, asi tine mutemo unoita kuti munhu abvunze, agadzirise uye kuti awadzane nevamwe zvakanaka.

**Tine mutemo 1 uyo wakavakirwa pakutsigira kuti pave nehukama hwakanaka sezvinobvira pakati pe:**

- Vakuru kuvakuru
- Vana kuvana
- Mukuru kumwana

**Sei:** Tichaumba hukama hune revo, hwakanaka uye tova nemafungiro ekuziva kuti kubata nevamwe zvakanaka hutori hunyanzi hweupenyu hwese

Tabvumirana papfungwa idzi dzakanyorwa pasi dzehukama hwatinofanira kuva nahwo:

- Tiri mubishi rekuumba nekuchengetedza hukama kuitira kuti tiumbe mafungiro ekugarisana sevanhu.
- Hukama hwakanaka ndihwo hwakakosha zvikuru pane zvatinoitirana zvose senhengo dzinogara pachikoro.
- Kana hukama hwakanaka uye zvinodikanwa zvemunhu mumwe nemumwe zvichigutswa, kashoma kuti tive nechido chekukuvadzana.
- Vana vadiki nevanhu vakuru vane manzwiro ekuti vanodiwa, vanonzwa vakadzivirirwa, vakachengeteka uye vachikosheswa.
- Vanhu vanodzidza kubata nezvese zvavanosangana nazvo muhupenyu hwavo kana vachitsigirwa nevamwe.
- Kusimudzira kuti vagari vepachikoro vawadzane zvakanaka nevamwe kwakakosha zvikuru.
- Kuti munhu anzwe aine mutoro uye achizvidavirira pane zvaanenge aita uye zvinozoitwa nezvaanenge aita kune
  vamwe. 'Handikwanisi kudzora mumwe munhu, asi ndinokwanisa kuzvidzora ini pachangu'
- Ruremekedzo kune vamwe vanhu, maonero avo, zvavanotenda uye manzwiro avo nemamiriro avo ezvinhu.
- Kuzvipira pamaitiro ezvinhu asina kwaakarerekera.
- Kubatanidzwa kuzere kwemumwe nemumwe ari pachikoro pakuitwa kwezvisarudzo zvine chokuita nehupenyu hwavo.
- Chido chekugadzira mikana yekuti pave nechinjo inenge ichidiwa.
- Kuchengetedza ndiko kwakakosha zvikuru.

- Kudzidza kuti ungava sei neruzivo pamusoro pezvinoshungurudza kunotipa nzwisiso yekuti tingaita sei zvinhu kuti pave neshanduko yakanaka.
- Kuva feya kwezvinhu hakureve kuti munhu wese anowana zvinhu zvakafanana, kuva feya kunoreva kuti munhu mumwe nemumwe ari kuwana zvaanoda kuti abudirire, pasinei nemamiriro ake ezvinhu.

Chinangwa chedu ndechekuita zvinotevera tiri pamwe nevatinoshandidzana nawo:

- Tinobvumirana nepfungwa yekuti kuchengetedzwa kwevana ndicho chinhu chakakosha zvikuru kupfuura zvose.
- Ticharatidza hunhu hwekukudza vamwe uye kubata vamwe nekunzwisisa uye nemutsa.
- Tichava nechokwadi chekuti vana vese nevanhu vakuru vane mafungiro ekuva varidzi vemumwe nemumwe, vachinzwa vakachengeteka, vakadzivirirwa uye vachikosheswa.
- Tichachengeta nharaunda yedu yakachengeteka, iine vanhu vanofara uye vakagadzikana, iri nharaunda inobvumira kuti munhu mumwe nemumwe aite zvaanokwanisa zvizere aine maonero ekuti hakuna mumwe akaita seni.
- Tichaziva kodzero dzedu uye toremekedza kodzero dzevamwe.
- Tichatsigira kuumbwa kwehunhu tichishandisa mazano ekuona nekudzora manzwiro edu nezviito zvedu.
- Ticharatidza nzira yakajeka, isina kwayakarerekera uye inoshanda zvakafanana pakubata nenhau yehunhu hwevanhu.
- Tichadzidzisa, kuroverera, kusimudzira uye kukoshesa hukama hwakanaka nevamwe.
- Tichawana kurudziro 'yekuita chinhu chakanaka nekuda kwekuti ndicho chinhu chakanaka chekuita'
- Tichava vakatendeseka uye tichitarisira mafungiro ekutendeseka kuti pave nekuvimbana.
- Hatizovi nemafungiro ekujaja vamwe, kana kuvapa mazita uye tichabvumirwa kuti tiite zvikanganiso todzidza kubva kwazviri.
- Tichadzidzisa pfungwa yekuti takaenzana kuti pave nemaonero ekuti hakuna ari nani kupfuura mumwe.

**Chii:** Tichadzidza nekukura sezvikoro zvinodzoreredza
**Nzira Dzekudzoreredza Nadzo**
**Ruremekedzo** Kuteerera mafungiro evamwe uye kudzidza kuakoshesa.
**Mutoro:** Kutora mutoro wezviito zvedu.
**Kugadzirisa:** Kutsvaga nzira dzekugadzirisa nadzo zvakanganisika kuitira kuti hunhu hwakadaro husadzokororwa.
**Kubatanidzazve** Kushandisa nzira yakasimba uye yekubatsira pakugadzirisa zvinetso uye inobvumira kuti pave nehukama hwakanaka pakati pevanhu.

| F | E | Y | A |
|---|---|---|---|
| Feya Kusangana nevana vedu, | Shungu Chido chakasimba | Kubatanidzwa Unozwa uchigamuchirwa, | Ruremekedzo Kuvimbana, kukurukura |

| | | | |
|---|---|---|---|
| vashandi, uye mhuri chero kwavanenge vari. | chekuva nebudiriro | uchikosheswa uye uchidiwa! | zvakanaka nevamwe, kunzwisisana uye kutendeseka. |

Mubereko: _____________________________________________

Mudzidzisi Mukuru: _______________________________________

Mwana:________________________________________________

Tinobvumirana nezvinangwa nezvinoitwa paMutemo Wekugarisana. Ndinovimba kuti chikoro chichaita zvinhu chichikoshesa zvikuru zvido zvemhuri yangu uye kuti chichabata nenhau dzehunhu munzira inodzoreredza.